

ENFÒMASYON POU PARAN



SI FANMI OU AP VIV YOUN NAN SITIYASYON TRANZISYON SA-YO

Nan yon shelter, abri



Nan yon motel oswa sou teren kanping akòz mank bon akomodasyon



Nan yon machin, pak, biling abandone, bis oswa estasyon tren



Pataje lojman ak lòt moun poutèt ou pèdi lojman ou oswa akòz pwoblèm ekonomik

Timoun ki nan laj al lekòl ka kalifye pou sèten dwa ak pwoteksyon anba lwa federal McKinney-Vento Act.

Pitit-ou ki elijib gen dwa pou:

- Resevwa yon edikasyon piblik, apwopriye epi gratis.
- Anwole nan yon lekòl, san pèdi tan, menmsi li pa gen tout dokiman ki nesesè pou enskripsyon-an.
- Anwole nan yon lekòl epi swiv klas-li nòmalman pandanke lekòl-la ap chache obteni dokiman-yo.
- Anwole nan lekòl zòn ou; oswa kontinye ale nan lekòl dorijin (lekòl pitit-ou tap frekante lè li te gen yon adrès pèmanan oswa dènye lekòl li te anwole), si se preferans ou epitou si sa posib.
 - * Si lekòl distri a kwè lekòl ou chwazi a pa nan meyè enterè pitit-ou, distri a va ba-ou yon lèt ki esplike pozisyon-li epi enfòme w ou andwa konteste desizyon an.
- Jwenn transpòtasyon aleretou ak lekòl dorijin, si paran fè demann-la.
- Jwenn menm sèvis edikatif ke lòt elèv resevwa, selon bezwen edikatif pitit-ou.

Si ou kwè pitit-ou elijib, kontakte Lyezon zòn ou pou chache konnen ki sèvis ak sipò ki disponib. Gen sèvis tou ki disponib pou timoun ki nan laj al lekòl.



Moun ki sèvi kòm Lyezon onivo lokal

**Carole D. Mitchell
754-321-1566**

Kowòdinatè pou Leta

**BFEP@fldoe.org
850-245-0479**

Si ou bezwen plis asistans ak bezwen edikatif pitit-ou, kontakte Sant nasyonal, *National Center for Homeless Education*:

1-800-308-2145 * homeless@serve.org * www.serve.org/nche

ENFÒMASYON pou jenn ki lekòl



SI W AP VIV YOUN NAN SITIYASYON TRANZISYON SA YO:

Nan yon shelter, abri

❖
Nan yon motel oswa teren kanpin akòz mank bon akomodasyon

❖
Nan yon machin, pak, biling abandone, bis oswa estasyon tren

❖
Pataje lojman ak lòt moun poutèt ou pèdi lojman w oswa akòz pwoblèm ekonomik

Ou ka kalifye pou sèten dwa ak pwoteksyon anba lwa federal McKinney-Vento Act.

Elèv ki elijib gen dwa pou:

- Resevwa yon edikasyon piblik, apwopriye epi gratis.
- Anwole nan yon lekòl touswit, menmsi li pa gen tout dokiman ki nesesè pou enskripsyon.
- Anwole nan yon lekòl epi swiv klas-li pandanke lekòl-la ap chache obteni dokiman-yo.
- Anwole nan lekòl zòn kay-ou; oswa kontinye ale nan lekòl dorijin (lekòl ou tap frekante lè ou te gen yon adrès pèmanan oswa dènye lekòl ou te anwole), si se preferans ou epitou si sa posib.
 - * Si lekòl distri a kwè lekòl ou chwazi a pa nan meyè enterè ou, distri a va bay elèv-la yon lèt-la ki esplike pozisyon-li epi enfòme elèv-la li andwa konteste desizyon an.
- Jwenn transpòtasyon aleretou ant lakay e lekòl dorijin, si ou fè demand la.
- Jwenn menm sèvis edikatif ke lòt elèv resevwa, selon bezwen edikatif elèv-la.

Si ou kwè ou ka elijib, kontakte moun ki sèvi kòm lyezon lokal pou chache konnen ki sèvis ak sipò ki disponib.



Lyezon onivo lokal

Carole D. Mitchell
754-321-1566

Kowòdinatè pou Leta

BFEP@fldoe.org
850-245-0479

Si ou bezwen plis asistans ak edikasyon w kontakte
National Center for Homeless Education,
1-800-308-2145 * homeless@serve.org *
www.serve.org/nche